# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–26 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

श्रीकृष्ण जन्माष्टमी क तिउहार आजु योगेश्वर भगवान श्रीकृष्ण क जनमभूमि मथुरा के सथहीं पूरा देस में हसोल्लास के साथे मनावल जा रहल है। मथुरा अउर वृन्दावन में देस अउर दुनिया से ढेरि संख्या में सरधालु दरसन–पूजन करे पहुंचल हवें। सज्जो ब्रज क्षेत्र जनमाष्टमी के उमंग से सरोबार हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आजु भिन्नहीं श्रीकृष्ण जनमभूमि मंदिर में दरसन–पूजन कइ के प्रदेसवासियन के सुखमय जिनगी क कामना कइलें। उहां के कान्हा के पंचामृत स्नान करवलें अउर भोग प्रसाद अरपित कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि भगवान श्रीकृष्ण पांच हजार बरिस पहिले धरम के राहि क अनुसरण कइले, सत्य अउर न्याय क सनेसा दिहले रहलें। मुख्यमंत्री आजु राति में गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में आयोजित श्रीकृष्ण जनमोत्सव समारोहो में सामिल होइहें।

**********

श्रीकृष्ण जन्माष्टमी पर बनारस में प्राचीन विष्णु तीर्थ आदि केशव घाट पर आजु भगवान आदि केशवर क मुरती के सामने माखन–मिसिरी क भोग लगावल गइल। ओहर, काशी विश्वनाथ धाम मंदिरो में आजु आधी राति श्रीकृष्ण जनमोत्सव मनवले क तयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मथुरा में जनप्रतिनिधियन अउर प्रसासनिक अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के सरधालुअन अउर पर्यटकन क सुरक्षा अउर पर्यटन विकास क समीक्षा कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि सरधालु होखें चाहे मथुरा अउर वृन्दावन क स्थानीय लोगि, सरकार सबके खातिर सुविधा, सुरक्षा अउर सम्मान सुनिश्चित करी। मुख्यमंत्री अधिकारियन के निरदेसित कइलें कि ब्रज क्षेत्र में कतहूं सड़कि टूटल नाहीं देखाई देवे के चाही अउर पैकरमा राहि पर स्वच्छता क खास धियान रक्खे के चाही। उहां के संवेदनसील अउर भीड़ वाला जगहिनि पर लगतारे पुलिस चौकसियो क निरदेस दिहलीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु आगरा में राष्ट्र वीर दुर्गादास राठौर के मुरती क अनावरण कइलें। एकरे बाद ताजमहल मेट्रो स्टेसन पर आयोजित जनसभा के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि देस से बढ़ि के कुछऊ नाहीं हो सके ला। देस तब्बे मजबूत होई, जब हम एक होइबि। उहां के कहलीं कि सरकार बिरासति क संरक्षण करत देस के बीरन के सम्मान दे रहलि हौ।

**********

बेसिक सिक्षा परिषद के अधीन परिषदीय स्कूलन में चलावल जा रहल दस हजार छौ सौ चौरासी को–लोकेटेड आंगनबाड़ी केन्द्रन में एजुकेटर रक्खल जइहें। प्रदेस के सज्जो पचहत्तर जिलन में संविधा के अधार पर होखे वाली येह भरती के सम्बन्ध में अधिसूचना जारी कइ दिहल गइल हौ। एजुकेटर बदे ऊहे पात्र होइहें, जे यूजीसी से मान्यता प्राप्त विश्वविद्यालय से स्नातक परीक्षा गृह विज्ञान मुख्य विषय के सथे न्यूनतम पचास फीसदी नम्बर के साथे पास भइल हो। आरक्षित वर्ग के न्यूनतम नम्बर में पांच फीसदी क छूट दीहल जाई।

**********

प्रदेस के बिजुली कम्पनियन में कार कइ रहल आउटसोर्स करमचारियन के इलाज बदे कर्मचारी राज्य बीमा क सुविधा मिली। बिजुली करमचारी संगठनन के साथे बातचीत में बनल सहमति के आधार पर यूपी पावर कार्पोरेसन येह सम्बन्ध में मानक संचालन प्रक्रिया, एसओपी जारी कइ दिहले हौ।

**********

चिकित्सा, सिक्षा अउर प्रसिक्षण विभाग, नीट यूजी दुइ हजार चउबीस काउंसिलिंग के तहत राज्य के मेडिकल कॉलेज में स्टेट कोटा क पचासी फीसदी एमबीबीएस सीटिनि पर प्रवेस बदे आवेदक अभ्यर्थियन क मेरिट लिस्टि जारी कइ दिहल गइल हौ। प्रदेस में एमबीबीएस अउर बीडीए क कुलि बारह हजार एक सौ सीटिनि पर दाखिला होखे के हौ। सीटि आवंटन क नतीजा तीस अगस्त के जारी होई।

**********

मदन मोहन मालवीय प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय, गोरखपुर में बीटेक के खाली सीटिनि के भरे बदे तीनि सितम्बर के स्पॉट काउंसिलिंग क आयोजन करी। स्पॉट काउंसिलिंग में सामिल होखे बदे अभ्यर्थियन क पंजीकरण विश्वविद्यालय के वेबसाइट पर आजु से सुरू हो गइल हौ। स्पॉट काउंसिलिंग में अभ्यर्थियन के अपने सज्जो मूल प्रमाण पत्रन के सथहीं व्यक्तिगत तौर पर मौजूद रहे के होई।

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद, बोर्ड परीक्षा फार्म भरले क आखिरी तारीख बढ़ा दिहले हवे। जवन छात्र दसवीं अउर बरहवीं परीक्षा दुइ हजार पचीस बदे फारम नाहीं भरि पवले रहलें, ऊ नया समय–सारिणी के हिसाबि से एकतीस अगस्त ले सौ रूपिया बिलम्ब सुल्क के साथे जमा कइ सकिहें। एकरे पहिले ई तारीख सोरह अगस्त तय रहल।

**********

इस्लाम धरम क आखिरी नबी मोहम्मद साबह क नवासा इमाम हुसैन क चेहल्लुम आजु गमगीन माहौल में मनावल जा रहल हौ। प्रदेस के कई जिलन में आजु जलूस अउर मजलिकन के जरिया से इमाम हुसैन क प्यार अउर बलिदान के यादि कइल गइल।

**********

गोरखपुर के गुरू गोरक्षनाथ इंस्टीट्यूट ऑफ मेडिकल साइंसेज में आजु तीनि दिवसीय निःसुल्क लेजर सर्जरी सिविर क सुरूआति भइल। पहिला दिन्ने ख्याति प्राप्त कैंसर सर्जन डॉक्टर संजय माहेश्वरी अउर डॉक्टर रेखा माहेश्वरी पैंसठ मरीजन के सलाहि दिहलिनि। सिविर में निःसुल्क इलाज क सुविधा अट्ठाइस अगस्त ले मिली।

**********